

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Bilten JILAP
Bulletin JILAP

13

Nimewo espesyal
Pou sonje Pap Jan Pòl 2
Vyolans nan kapital peyi a
Avril 2005

Men ki sa n ap jwenn nan Bilten sila a

Yon ti mo pou louvri koze a

Pou refleksyon nou:

Jan Pòl 2, yon konbatan pou Lapè sou tè a

Dosye: Vyolans nan lari zòn metwopoliten an

Pou kisa JILAP ap fè travay sila a?

Bilan de (2) lane òbsèvasyon vyolans nan zòn metwopoliten an.

Kèk kòmantè sou travay JILAP

Reyaksyon nan laprès

Degi sou Bilten nimewo 12

Table des matières

Editorial

Pour votre réflexion:

Pape Jean-Paul II, un combattant pour la Paix sur cette terre

Dossier: Violence dans les rues de la capitale haïtienne

Pourquoi Jilap est-elle entrée dans l'observation de la violence dans les rues de la capitale haïtienne

Bilan de deux ans d'observation de la violence dans les rues de la capitale

Commentaire sur le travail de Justice et Paix

Réactions dans la presse

Supplément du Bulletin numéro 12

Piblikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR ansanm ak Komisyon Ewopeyen an. Se Komisyon Jistis ak Lapè a ki sèl reskonsab sa k ekri nan Bilten an. La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR et de la Commission Européenne. La responsabilité du contenu des articles publiés dans ce Bulletin revient à la seule Commission Nationale Justice et Paix. Tirage 4.000 copies.

Yon ti mo pou louvri koze a

Redaksyon Bilten Jilap la salye tout lektè yo. Nan mwa jen 2005 si Dye vle, Jilap Pòtoprens ap fè bilan 3 lane travay òbsèvasyon vyolans nan lari kapital la. Kèk mwa pase, li t ap fè bilan apre 2 lane. Li te òganize yon konferans pou laprès pou prezante travay la. Nan Bilten sa a, sou fòm yon dosye, n ap reprann tout sa k te di nan konferans pou laprès sila a. Nan yon degi, nou konplete travay ki fèt ant jiye ak finisman lane 2004 la. Nan okazyon 3 lane òbsèvasyon, nou vle fè yon pi gwo travay analiz sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan.

Kèk jou pase, samdi 2 avril 2005, Pap Jan Pòl 2 pati kite nou. Komisyon Jistis ak Lapè pataje doulè tout kominote Legliz katolik la. Pap Jan Pòl 2 te bay ansèyman sosyal Legliz la jarèt. Li pa t pè affime: kretyen yo, nan non lafwa yo, dwe mele nan tout zafè sosyete a. Li t ap di aklè: ansèyman sosyal Legliz se yon zouti pou preche levanjil la. Kèk pozisyon konkrè Pap la te pran nan domèn sosyal ak politik te soulve anpil kesyon, tankou lè Vatikan an te rekonèt rejim pouchis la apre koudeta a nan peyi d Ayiti.

Ak tout sa, Pap Jan Pòl 2 rete yon moun ki te pran bon jan angajman pou lapè sou tout fas tè a, pou moun ak pèp yo pa kontinye regle diferans ki genyen antre yo ak zam, men ak dyalòg. An menm tan li t ap defann libète chak moun genyen, an menm tan li t ap denonse dezaz mache libelibè a t ap fè nan mitan moun pòv yo. Nan yon vizyon konsa, li vin klè, travay pou jistis sou tè a pami tout pèp yo, p ap posib si pa genyen yon gwo priz de konsyans k ap fèt sitou nan mitan moun rich yo ak sa k genyen pouvwa yo, kidonk nan mitan sa k dwe sakrifye kèk enterè. Listwa a montre n tou jan sa difisil. Annatandan sa fèt, se inosan, se moun pòv ak malere ki kontinye premye viktim, epi timoun inosan kontinye ap mouri.

Si sèl chimen pou lapè se pale ansanm ak pran desizyon reskonsab, si sèl chimen pou reyalize jistis se fè sa k kòrèk, Legliz la an premye dwe tire tout konsekans ki genyen nan ansèyman l ap bay la. Li blije egzaminen byen egzaminen prèch l ap fè yo ak tout edikasyon l ap bay la. An menm tan l ap

montre jan konpòtman chak moun enpòtan pou tout sosyete a, Legliz la pa kapab bliye enpòtans chapant sosyete a genyen, paske se li ki dwe kenbe kay la. Legliz la pa gen tan pou pèdi pou fè edikasyon konsyans tout moun, sitou sa k rich yo ak sa k gen pouvwa yo, paske twòp viktim inosan mouri chak jou anba egoyis ak mank konsyans yo.

Editorial

La rédaction du Bulletin Jilap salue tous ses lecteurs. Au mois de juin prochain, la Commission Justice et Paix de Port-au-Prince présentera le bilan de 3 années observation de la violence dans les rues de la capitale. Il y a quelques mois, elle a présenté le résultat de 2 ans d'observation. A cette occasion, elle a organisé une conférence pour la presse pour présenter le travail. Dans ce Bulletin nous publions, sous forme de dossier, les interventions faites par les conférenciers.

Nous ajoutons un supplément pour compléter l'année 2004. Lors de l'accomplissement de 3 ans d'observation, nous projetons de faire une analyse plus en profondeur de la violence à Port-au-Prince.

Il y a quelques jours seulement, le samedi 2 avril 2005, le Pape Jean Paul 2 nous a quitté. La Commission Justice et Paix partage la douleur de la communauté ecclésiale catholique. Avec le pape Jean Paul 2, l'enseignement social de l'Eglise a fait un bon pas en avant. Le Pape n'hésitait pas à affirmer que les chrétiens, au nom de leur foi, ont le devoir de s'engager dans la transformation de la société. Il a rappelé que l'enseignement social de l'Eglise constitue un outil pour rendre l'évangile présent dans les réalités sociales quotidiennes. Et pourtant, certaines positions du Pape dans le domaine social ont suscité des interrogations, comme quand le Vatican a reconnu le régime poutchiste issu du coup d'Etat en Haïti en 1991.

Avec tout cela, Jean Paul 2 reste une personne qui s'est engagée pour la paix sur la terre et pour le dialogue entre les peuples comme moyen de régler leurs différends. En même temps il défendait la liberté de la personne humaine, en même temps il dénonçait le désastre provoqué par le marché libre parmi les pauvres de la terre. Dans cette vision, il devient clair, que la paix entre les peuples ne sera jamais possible sans une prise de conscience massive surtout des riches et des puissants, donc de ceux qui doivent sacrifier des intérêts. L'histoire nous montre comme cela est difficile. En attendant, les innocents, surtout les pauvres continuent à en être les victimes.

Si la seule route pour la paix est le chemin du dialogue et la responsabilité, si le seul chemin de la justice est l'agir correct, l'Eglise en premier devra tirer les conclusions de cet enseignement. Elle ne devrait pas oublier l'importance de l'engagement de chaque personne pour l'ensemble de la société, sans pour autant oublier les structures qui soutiennent la société. Il n'y a pas de temps à perdre pour s'engager dans l'éducation des consciences, surtout des nantis et des puissants, parce que trop d'innocents meurent chaque jour, victimes de leur cupidité et manque de conscience.

#

Jan Pòl 2, yon konbatan pou Lapè

Justice et Paix, institution de la pastorale sociale de l'Eglise catholique, partage la douleur de la communauté ecclésiale au moment du décès du pape Jean Paul 2. Cet article rappelle un nombre d'actes posés par Jean Paul 2 en faveur de la paix et de la réconciliation entre les personnes et les peuples. Cet engagement est basé sur une conception profonde de la dignité de la personne humaine. L'article rappelle ensuite les encycliques sociales qui constituent une grande contribution par Jean Paul 2 pour faire avancer la pensée sociale de l'Eglise.

Le texte rappelle la visite du pape en Haïti et son appel : Il faut que quelque chose change dans le pays. Le texte continue : « Mais la parole qu'on ne répète pas souvent est la suivante : Oui, il faut que les pauvres commencent à espérer ». S'il n'y a pas de changement en faveur des plus pauvres, il n'y a pas de changement réel dans le pays. La visite a encouragé le mouvement qui opposait la dictature des Duvalier. Pour cette même raison, la majorité de la population haïtienne ne comprenait pas la position de Jean Paul 2 durant les années du coup d'Etat (1991-94), quand le Vatican cherchait à reconnaître le régime poutchiste, tandis que le peuple, les pauvres et les organisations de base le résistaient.

Jistis ak Lapè, kòm enstitisyon pastoral sosyal Legliz katolik la, pataje doulè tout Legliz la nan moman lanmò Pap Jan Pòl 2. Apre 26 lane li pase nan tèt Legliz la, nou vle mennen refleksyon nou sou fason Pap Jan Pòl 2 te pote kole pou genyen plis lapè, jistis ak respè pou diyite moun sou tout fas tè a.

Pèp peyi Lapolòy, kote Pap la te fèt, te sibi anpil pèsekisyon nan istwa yo. Sitou pandan dezyèm lagè mondyal la anpil krim fèt kont pèp sa a ak kont Jwif yo ki t

ap viv nan mitan l. Tout eksperyans sa a, ak divès lòt eksperyans nan vi l te make Kal Wòytila, ki te vin Pap Jan Pòl 2 nan lane 1978.

Pap Jan Pòl 2 ak batay li pou Lapè, pou moun viv byen ak moun

Ki sa Pap la te fè pou Lapè sou tè a, epi pou pèp yo viv byen youn ak lòt ? An n gade kèk jès Pap la te poze ki montre fason l konsidere lòt moun ak lòt pèp.

Anpil moun ap sonje imaj sila a ki soti nan pakèt vwayaj Jan Pòl 2 te fè. Chak fwa Pap la t ap foule tè yon lòt peyi, li met ajenou pou bo tè sa a li ta pral pile a, pou montre respe l pou pèp sa a, epi pou fè wè li vini tankou yon mesaj lapè nan mitan moun yo.

Li te ofri pwòp padon pa l bay Mehmet Ali Agca ki te tire sou li nan lane 1981. Li te vizite l nan prizon pou fè sa. Depi lè a, Ali Agca toujou nan prizon. Sa fè n wè enpòtans padon ak rekonsilyasyon an ; men padon pa vle di bliye sa k fèt la epi antrave egzijans jistis nan mitan moun. Okontrè, se padon an ki bay egzijans jistis la vre sans li.

Nou sonje tou tout jefò l te fè pou rapwoche moun divès kwayans ak relijyon : pwotestan, Jwif ak moun lòt relijyon toujou. Jan Pòl 2, se premye Pap nan listwa k al vizite yon sinagòg Jwif, nan vil Wòm lane 1986, kote li rele Jwif yo « gran frè nou yo », epi li deklare aklè yo pa dwe mete Jwif yo responsab lanmò Jezi. Nan menm lane 1986 la, li te envite tout responsab divès relijyon yo nan vil Asiz pou lapriyè ansanm pou lapè sou tout fas tè a. Se premye Pap tou ki te vizite yon kay priyè islamit.

Nan divès okazyon, sitou bò lane 2000 la, li t ap mande padon pou erè moun Legliz te fè souvan nan non Legliz la. Deja nan lane 1992, lè l t al vizite zile Gore nan peyi Senegal, kote anpil esklav nwa te pati pou kontinan Amerik la, li kondane « krim ki pa gen non sa a, ki te fè tounen esklav, frè ak sè nou yo Lespri Bondye a te destine pou viv nan libète », epi li t ap mande syèl la padon pou sa k te fèt la.

Menm jan tou nan lane 2000, nan vil Jerizalèm li deklare : « Legliz katolik la santi l wont pou tout lahèn, tout pèsekisyon tout zak kont Jwif, kretyen yo te fè Jwif yo sibi, nenpòt ki kote ak ki lè sa te kab fèt. »

Nou kab bay plizyè lòt egzanp toujou kote Jan Pòl 2 te pran bon pozisyon pou lapè nan mitan moun ak pèp yo, tankou nan peyi Iland ki te divize ak yon lagè sivil, kote l t ap mande jèn yo pou pa koute vwa lahèn ak vyolans.

Anvan lagè kont Irak te eklate, li t ap voye mesajè bò kote prezidan Bouch ak Saddam, pou wè si lòt chimen pa t posib. Se ak dyalòg, ak pale ansanm moun dwe regle konfli yo antre yo, se pa ak zam, ni ak vyolans. Menm pozisyon anfavè lapè sa a, Pap la t ap defann li nan plizyè lòt konfli tankou sa k separe Jwif ak Palestinyen. Li t ap di : Tè sa a ki sen an pa bezwen mi ki separe l, men pon ki pèmèt moun rankontre youn ak lòt.

Jan Pòl 2 ak batay li pou diyite ak respè lavi moun

Lapè dwe chita sou gwo konviksyon diyite moun. Kòm Pap ki te sòti nan peyi Lapolòy, li te sansib anpil pou mank libète sitwayen yo t ap sibi anba pwòp gouvènman pa yo ak anba sistèm kominis la ki t ap dominen yo. Konsa, li t ap soutni batay travayè yo, atravè yon sendika ki rele Solidarite, pou yo genyen lavwa ochapit. Anpil moun k ap fè analiz konsidere Pap Jan Pòl 2 te pote kole toutbon pou fini ak rejim bout di kominis la ki t ap dominen peyi Ewòp Es yo.

Men an menm tan, Pap la t ap denonse danje mache libelibè a genyen, paske pa gen règjwèt, paske tout bagay tounen machandiz. Li t ap denonse globalizasyon an ki sèvi pou peze moun paske li pa fèt selon règ solidarite a. Kapitalis mache lib la k ap peze souse moun pòv yo pi plis, Pap Jan Pòl 2 rele l yon sistèm peche, yon vre « peche sosyete ». Anvan tout lòt bagay, se solidarite a pou nou globalize.

Anpil fwa, Pap Jan Pòl 2 te plede pou respè pou moun pòv yo. Chak patizan Jezi dwe fè yon chwa oswa li dwe genyen yon renmen preferansyèl pou pòv ak malere

yo. Men li te pran swen pou ajoute : chwa sa a se yon chwa levanjil la mande. Li pa dwe yon estrateji sosyal ou politik pou jwenn pouvwa.

Tout moun nan peyi d Ayiti ap sonje vizit Jan Pòl 2 te fè nan peyi nou. Epi fraz sa a li te pwononse ak fòs : « Fòk sa chanje nan peyi sa a ». Men pawòl yo pa repete souvan, se sa k te vini touswit apre a : « Wi, fòk tout pòv yo kòmanse pran espwa ». Si pa gen chanjman anfavè moun pòv yo, pa gen chanjman toutbon.

Vizit la te bay mouvman pou fini ak diktati Divalye a jarèt. Poutèt sa, anpil moun pa t rive konprann pozisyon Jan Pòl 2 t ap pran nan kriz Ayiti a pandan ane koudeta yo (1991-94), lè Vatikan an te rekonèt rejim bout di a, tandiske pèp la, moun pòv yo ak divès òganizasyon yo, t ap reziste l.

Menm respè pou diyite chak moun te pèmèt Jan Pòl 2 repete ak gwo konviksyon tout ansèyman Legliz la k ap defann diyite lavi moun depi l fènk fèt nan vant manman l. Nan kòmansman an, pozisyon l sou egzekisyon kriminel yo (sa yo rele lapèn kapital la) pa t klè menm jan, men nan lane 1997 li t ap di : « Se yon siy k ap bay espwa lè pi plis moun konprann yo pa janm dwe retire diyite lavi yon moun genyen, menm si moun nan te fè anpil move bagay. »

Pap Jan Pòl 2 ak ansèyman sosyal Legliz la

Angajman Jilap pran, tire rasin li nan ansèyman sosyal Legliz la. Ki sa Jan Pòl 2 te pote pou ansèyman sila a ? Nan chak okazyon Pap Jan Pòl 2 ap vini sou kesyon diyite ak dwa moun, li fè konnen tou : Legliz ak tout moun dwe defann diyite moun ak tout fòs yo, sitou moun pòv ak sa k sou kote yo. Ak Jan Pòl 2, tout refleksyon Legliz la sou angajman l nan sosyete a te fè yon gwo pa annavan. Eksperyans Legliz la te pèmèt Jan Pòl 2 ekri plizyè dokiman yo rele lèt ansiklik ak lèt apòstolik, pou esplike pozisyon Legliz katolik la devan gwo pwoblèm tan an. N ap fè n sonje sa k pi enpòtan yo pou ansèyman sosyal la.

Sovè limanite (14 mas 1979). Se premye gwo dokiman Pap la ekri ki repete fondman diyite moun nan Jezi ki sovè tout moun. Ansiklik la se yon gwo pledwaye pou defans diyite ak dwa tout moun sou tè a.

Gras ak travay li (15 septanm 1981). Dokiman sa a ap devlope diyite travay moun ap fè, paske Bondye mete l pou jere tè a. Dokiman an plede tou anfavè diyite travayè yo, gason kou fi.

Preyokipasyon pou kesyon sosyal yo (30 desanm 1987). Dokiman an plede anfavè yon devlopman k ap fèt nan solidarite. Li fè konprann solidarite, jistis ak lacharite ki dwe genyen nan relasyon entènasyonal pami pèp yo. Jan Pòl 2 te pibliye ansiklik sa a nan okazyon ventyèm anivèsè *Sou pwogrè pèp yo*, yon ansiklik Pap Pòl 6 te ekri sou bon kalite devlopman ki dwe genyen.

Misyon Sovè a (7 desanm 1990), se pa yon dokiman ansèyman sosyal la li ye dirèk. Menm sa k enteresan, li mete aklè devan tout fidèl yo : angajman pou lapè sou tout fas tè a, angajman pou lajistis ak sa k kòrèk, angajman pou pwomosyon dwa ak diyite chak moun se bagay ki dwe antre nèt nan travay ak nan misyon Legliz la.

Aprè san (100) lane (1 me 1991). Dokiman an reprann gwo tèm premye gwo ansiklik sosyal Pap Leyon 13 te ekri nan lane 1891, epi li adapte yo ak nouvo reyalite sosyal ak ekonomik yo.

Chak lane pou premye janvyè, ki se Jounen entènasyonal Lapè, pandan 25 lane, Pap Jan Pòl 2 te ekri yon mesaj lapè. Konsa li te bay konkou pa l pou kreye yon kilti lapè ak non vyolans nan mitan moun ak nan mitan pèp yo.

Pap Jan Pòl 2 te make lavi Legliz katolik la pandan 26 lane. Li te sèvi figi Kris la nan frè ak sè l yo, sitou nan sa k pi pòv yo jounen jodi a. Nou lapriyè pou l rankontre Kris li te sèvi lavi diran.

Koute vwa m, Granmèt,

**paske se vwa tout viktim
anba tout vyolans ak tout lagè
moun ap fè moun sibi,
ant yo menm ak ant peyi yo ...**

**Koute vwa m, Granmèt,
paske mwen pale nan non yon pakèt moun
ki sòti nan tout peyi
ak nan tout epòk ki gen pou vini,
paske yo pa vle viv nan lagè,
men yo vle angaje tèt yo sou chimen lapè a ...**

Yon lapriyè Pap Jan Pòl 2

P. Jan Hanssens, direktè.

Nou pran plizyè lide nan yon tèks Paul
Lansu nan Pax Christi Entènasyonal te
prepare.

Bilten Jilap salye chwa yo fè nan tèt Legliz la pou mete Kadinal Joseph Ratzinger kòm
nouvo Pap, sou non Benwa 16, nan dat 19 avril 2005.

Sa fè nou sonje, dènye Pap ki te pote non Benwa kòman li te travay anpil pou lapè nan
mitan pèp yo nan finisman premye lagè mondyal la.

Sa ranfòse lespwa n ak konviksyon n nan Legliz la ki dwe kontinye batay pou lapè ak pou
respè diyite pèp yo.

Dosye

Obsèvasyon vyolans nan zòn metwopoliten an Jen 2002 rive me 2004

Pou kisa Jilap ap fè obsèvasyon vyolans nan zòn metwopoliten an?

Pourquoi Jilap est-elle entrée dans l'observation de la violence dans les rues de la capitale haïtienne? L'initiative est née d'une expérience: la découverte du corps d'une personne assassinée à la rue Silvio Cator. En dépit d'un appel à la police, 24 heures après, le corps se trouvait toujours au même endroit. L'observation des personnes assassinées tient au respect de la dignité humaine.

Chaque crime est un manque de respect pour la personne humaine. Il faut éveiller les consciences au respect des personnes. Le corps humain également doit être traité avec respect.

L'observation doit aider à reconstituer la vérité sur ce qui se passe réellement; la vérité doit prévenir le "voye monte" et le mensonge, surtout sur la nature de ce qui se passe.

L'observation et la documentation doivent nous armer contre l'oubli. La mort des simples gens doit être gardée en mémoire, pas seulement les cas notoires.

Finalement, l'observation, la documentation et la dénonciation des cas de violence sont des contributions concrètes dans la lutte contre l'impunité.

Poukisa Jilap ap fè travay sila a : Fè rapò sou kalite viktim ak vyolans ki genyen nan zòn kapital la? Lide pou fè obsèvasyon sila a (kadav nan lari zòn metwopoliten an), te vini, lè n te kòmanse wè kadav nan lari Pòtoprens. Nou toujou sonje yon kadav pyès moun pa t ka idantifye nan ri Silvyo Katò. 24 trèdtan annapre, kò a te toujou la, chen te kòmanse manje l. Lapolis pa t gen tan reponn apèl nou te fè a. Sete yon moun yo te asasinen pou yon rezon nou pa janm te rive konnen. Epoutan, se yon moun li te ye. Yon moun ki mouri, yo sasinen nan lari. Li merite pou n sonje l, pou n kenbe memwa sikonstans lamò li, mezi nou kapab. Kidonk, travay sila a, se yon aktivite nan kad travay pou **respè diyite moun**. Se yon premye rezon pou n fè travay la.

Nou obsève vyolans ki fèt sou moun, pa sèlman vyolans ki genyen awè ak vyolasyon dwa moun, oswa lè se otorite a k ap fè vyolans la. Tout vyolans moun ap fè sou moun, se yon mank respè pou moun, se yon vyolasyon dwa li pou l viv. Se vre, lè se yon otorite ki sèvi ak pouvwa otorite l pou l pran lavi moun, sa pi grav toujou. Men, nou dwe denonse tout mank respè pou lavi moun, nenpòt kilès ki reskonsab dirèk zak la. An menm tan klima vyolans ki genyen an, dwe **souke konsyans** tout moun ki gen otorite nan peyi a, paske li gen kòm reskonsablite pou kreye yon klima ki fè zak sa yo pa fèt. Nou vle souke konsyans tout sosyete a ak travay sila a, louvri je tout moun sou reyalyte vyolans ak klima enpinite tout yon sosyete ap evolye ladan. Se yon dezyèm rezon pou fè travay sila a.

Yon lòt rezon (twazyèm) toujou. Nan peyi a genyen anpil voye monte, gen imajinasyon k ap travay, gen mank presizyon sou sa k fèt vre. Enfòmasyon twò fasil tounen yon zouti nan kad yon batay politik. Li enpòtan pou n **respekte laverite** nan sa k ap pale a. Kèk egzanp: Chak krim nan peyi a, se pa yon krim politik, menm si li genyen enplikasyon politik; chak krim se pa yon masak ; lè n pa konnen ki moun ki te fè l, nou pa gen dwa sipoze se tèl oswa tèl gwoup. Men an menm tan, obsèvasyon mande pou n vre epi pou denonse sa k fèt ak tout fòs nou.

Yon katriyèm rezon. Nou konstate, genyen krim tout moun pale sou yo. Genyen lòt, apèn nou tande yo, oswa **moun yo bliye yo byen rapid**. Nan sekatanm 2002 (premye ane obsèvasyon nou), nou te denonse yon krim yon gwoup zewo tolerans te komèt sou yon gwoup 7 timoun nan sant vil Potoprens. Lajistis pa t janm te fè okenn ankèt. Ki moun ki sonje evenman an toujou? Mèkredi 25 fevriye 2004, yo asasinen 18 moun ki te gen espwa ale Miyami sou klandesten. Tansyon politik yo nan moman sila a, fè pyès moun pa t pale sou evènman an. Pi fò moun pa janm te konnen sa k te pase sou Waf Jeremi an. Dapre sa n konprann, Leta poko louvri okenn ankèt sou evènman an. Epoutan, genyen moun ki kapab bay enfòmasyon kredib sou li. Pa t genyen anpil pale ki te fèt non plis sou kèk masak nan zòn Kafou, kèk jou apre prezidan Aristid kite peyi a. Eske se paske moun te pè reyalyite politik la ki fè dram sa yo pa t kapab pale aklè ?

Travay sila a, se yon kontribisyon li ye tou nan **lit kont enpinite** nan peyi a. Chak ka lanmò ta dwe mete divès sektè Leta a an mouvman. Leta ki dwe respekte epi fè respekte lavi moun pa kapab kite yo touye moun, san pa gen ankèt ki fèt, san yo pa chèche konnen kilès ki koupab, san yo pa pini koupab yo pou pwoteje sosyete a pou lòt krim pa fèt nan peyi a toujou. Krim mache ak pakèt zam k ap sikile nan sosyete nou an. Lite kont krim se travay tou kont zam ilegal ki nan men tout kalite gwoup nan sosyete a.

Pi devan nan koze a maten an, n ap prezante yon analiz sou divès ka nou te anrejistre yo. Jocelyne Colas ap prezante kèk chif ki montre kèk tandans e ki pèmèt kèk konklizyon (pwovizwa). Mèt Chenet Jean Baptiste ap fè kòmantè pa l sou travay sila a. Apre sa nou kapab debat kesyon yo ansanm.

Travay sila a, se Komisyon Jistis ak Lapè ki fè li. Ki sa Jistis ak Lapè a ye ?

Se Komisyon Jistis ak Lapè nan Achidyosèz la ki prezante travay sila a. Jistis ak Lapè genyen plis pase 30 lane nan peyi a. Li genyen yon pèmanans depi nan lane 1985. Nan moman sa a, nou genyen yon komisyon lokal nan prèske 200 pawas ak lokalite nan peyi a. Fòs Kòmisyon yo se angajman manm volontè nou yo. Moun ki nan non lafwa yo ap lite pou genyen plis jistis nan kominote yo. Se yo menm tou ki ba nou pi gwo enfòmasyon yo sou vyolans k ap fèt nan lari kapital la.

Men ki lòt travay Komisyon an ap fè :

Jilap angaje nan yon **fòmasyon sou dwa moun**, nou rele Plan nasyonal fomasyon. Plis pase 200 lokalite patisipe nan fòmasyon an. Men tèm nou devlope deja: Ki sa ki dènye fondman dwa moun/ Dwa moun ak sosyete / Dwa moun ak ekonomi peyi d Ayiti a / Dwa moun ak politik nan peyi d Ayiti. Nou kapab fè travay la gras ak devouman yon ekip fòmasyon nan chak departman. Fòmasyon sila a se pi gwo priyorite nou. Ane sa a nou kòmanse travay sou yon pwogram Bati Lapè ak regle konfli san gwo ponyèt nan kominote yo.

Jilap **akonpaye moun ki viktim** tout kalite abi ak lenjistis, menm si se pa yon kesyon dwa moun dirèk. Anpil moun bezwen konnen ki jan pou jwenn chimen yo nan sèvis Leta yo. Nou fè obsèvasyon vyolasyon dwa moun, nou chèche ede moun yo jwenn solisyon ak pwoblèm yo. Lè sa nesèsè, nou siyale ka a bay POHDH [Platfòm òganizasyon Ayisyen Dwa moun]. Jilap manm nan POHDH, epi li kolabore pou mete sou pye Rezo obsèvasyon vyolasyon dwa moun nan, nan kad Platfòm sila a. Men nou pa gade sou vyolasyon dwa moun sèlman. Nou vle konbat tout fòm vyolans pou tabli lapè, jan sa fèt ak obsèvasyon vyolans nan lari kapital la.

Jilap manm nan Fowòm Sitwayen pou Refòm Jistis Penal la, k ap poze kesyon **refòm sistèm jistis** nan peyi a. Yon fason espesyal, Jilap reskonsab pou koòdone Fowòm miltisektoryèl yo k ap fèt nan tout peyi a pou bay popilasyon an yon chans bay dizon l nan zafè refòm Jistis la.

Jilap manm nan GARR. Nou vle travay pou **bon jan relasyon ant de [2] pèp** sa yo ki sou separe menm zile Ispanyola : Ayiti ak Repiblik Dominiken an.

Jilap patisipe nan **divès kanpay** ki pèmèt pèp Ayisyen an pran konsyans gwo kesyon yo k ap boulvèse bil peyi a jodi a : tankou koze dèt la (nan lane 2000) ak nesosite pou chak moun kapab idantifye tèt li kòm sadwa (2004). Jilap kolabore nan obsèvasyon elektoral.

Jilap, se yon enstitisyon legliz katolik nan peyi d Ayiti. Nan legliz la, nou vle pou tout moun konprann : poutèt lafwa nou nan Bondye ak nan Jezi Kri, nou genyen yon reskonsablite sosyal. Fòs nou se Jezi li menm ki asire n : Se chans pou moun ki grangou ak swaf sa ki korèk. Se chans pou moun k ap travay pou moun viv ak kè poze.

P. Jan Hanssens, Direktè Jilap

Bilan apre de (2) lane obsèvasyon vyolans nan zòn metwopoliten an

Dans cette intervention, Jocelyne Colas fait le bilan de deux ans d'observation de la violence dans les rues de la zone métropolitaine haïtienne. Le réseau des commissions de Justice et Paix a enregistré 1123 cas de mort violente. Parmi les victimes se trouvent 274 femmes et 36 enfants. Il y avait 28 policiers. 829 personnes sont mortes par balle. 152 sont victimes de l'intervention de la police. 716 sont victimes « de groupes armés non identifiés ». Il y a un nombre d'exécutions sommaires.

Quelques cas attirent l'attention:

- *L'assassinat de 6 enfants de la rue, le 25 septembre 2002;*
- *Le massacre sur le Wharf Jérémie le 25 février 2004, où 18 personnes ont trouvé la mort ;*
- *Au début du mois de mars 2004, durant les premiers jours après le départ du président Aristide, on retrouve un nombre important de cadavres dans la zone de Lamantin.*

Les zones les plus réputées sont Cité Soleil et la zone de Delmas 2 et 4. Les mois d'octobre et novembre 2003 étaient des mois de grande violence, comme également les mois de février et de mars 2004, et ensuite le mois de mai 2004.

Globalement, la tendance est croissante avec des hauts et des bas. Il faut se garder à réduire la violence aux cas de mort violente seulement. La violence se manifeste sur d'autres formes: les intimidations, le viol, les vols à main armé, les kidnappings, les pressions de toutes sortes exercées sur la population, surtout sur les gens les plus simples. Cette situation a des conséquences graves: à certains moments les gens ne peuvent se rendre aux hôpitaux pour se procurer des soins de santé. La dégradation morale de la société

et le stress permanent fait des victimes de toute sorte. Il faut en rester conscients.

En annexe, nous complétons les données entre juillet et décembre 2004.

Sòti nan mwa Jiyè 2002 rive mwa jen 2004, komisyon Achidyosezèn Jistis ak Lapè Pòtoprens angaje li nan travay obsèvasyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Pou mezire fenomèn vyolans lan, komisyon an chwazi yon sèl kritè ki se **ka moun ki mouri anba vyolans nan lari, nan machin, nan kay oswa nan biznis yo**. Kantite moun ki mouri anba vyolans yo anpil. N ap pale pou ka nou jwenn enfòmasyon sou yo oswa nan pwòp obsèvasyon pa nou, swa enfòmasyon ki vini jwenn nou oswa nan laprès.

Bilan n ap prezante jodi a konsènen zòn metwopolitèn nan sèlman. Sa pa vle di nou bliye lòt rejyon yo nan peyi a ni sa pa vle di non plis nou bliye tout lòt kalite vyolans popilasyon an ap viktim chak jou ki jou.

Pandan 24 mwa obsèvasyon, nou pibliye 9 rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Nan rapò sa yo nou mete kantite moun ki mouri anba vyolans. Nan ki sikonstans yo mouri, kiyès yo ye (depi sa te posib pou nou te jwenn idantite yo. Si se fi oswa si se gason. Si se timoun oswa si se granmoun. Si se polis oswa sekirite. Ki dat, ki jou ak kilè yo te mouri a. Ki kote yo jwenn lanmò yo oswa yo jwenn kadav yo. Ki kòz lanmò yo oubyen ak kisa yo te sèvi pou pran lavi moun sa yo (moun sa yo). Lotè zak lanmò sa yo. Anpil fwa moun ki lotè zak vyolans ki detwi lavi yon moun oswa yon gwoup moun pa idantifye.

Rapò sa yo toujou adrese bay otorite pwoblèm sa a regade avèk rekòmandasyon pou yo ta fè sa ki nan pouvwa yo pou frennen fenomèn vyolans lan. Nou konn atire atansyon sitwayen yo tou nan lide pou fè yo

pran konsyans sou reyalite vyolans lan ki chita kò l nan peyi a depi yon bon bout tan, ki se yon danje pou tout moun. Nou toujou di : « vyolans se lènmi byen viv ansanm nan sosyete a ».

Ki kantite ka moun ki pèdi lavi yo anba vyolans nan zòn metwopolitèn nan ? Kouman ka sa yo repati ?

Pou 24 mwa obsèvasyon nou anrejistre 1123 ka moun ki mouri anba vyolans e ki repati konsa :

Kantite gason se 940 swa 83.70%. Kantite fi se 85 swa 7.57 %. Kantite timoun se 36 swa 3.20%. Kantite moun ki mouri ki idantifye 274 swa 24.40 %. Kantite moun ki mouri ki pa idantifye se 849 swa 75.60%. Kantite polisye ki mouri se 28 swa 2.49%. Kantite ajan sekirite ki mouri se 11 swa 0.98 %. Kantite moun ki mouri ak bal se 829 swa 73.82%. Kantite moun ki mouri anba kout wòch se 15 swa 1.33%. Kantite moun ki mouri pann oswa mare ak kòd se 10 swa 0.89%. Kantite moun ki mouri nou pa jwenn kòz yo se 93 swa 8.28 %. Kantite moun ki mouri nan aksidan se 59 swa 5.25 %. Kantite moun ki mouri ki idantifye kòm patizan lavalas se 25 swa 2.22 %. Kantite moun ki mouri ki idantifye kòm patizan opozisyon se 20 swa 1.78 %. Kantite moun ki mouri sou akizasyon vòlò se 107 swa 9.52 %. Kantite moun ki mouri nan evènman politik yo se 86 swa 7.66 %. Kantite ki mouri nan lapli, pwazon, kouran elektrik, boule, sezisman oswa nan akouchman akòz mank swen se 49 swa 4.36 %. Kantite moun ki mouri anba zam blanch (kouto, manchèt) se 68 swa 6.05%.

Kiyès ki touye moun sa yo ? A ki nivo otorite nan peyi a mele nan lanmò sa yo ? ki gwoup ame ki te pran plezi ap retire lavi moun san kè sote nan kapital la ?

Men kèk chif k ap reponn kesyon sa yo.

Sou 1123 ka moun ki mouri anba vyolans nou sòt bay la a 152 swa 13.53 % se zam lapolis ki touye yo. Moun yo pa idantifye oswa gwoup ame touye 716 ladan yo, swa 63.76 %. Zam OP retire lavi 57, swa 5.07 %. Nou jwenn 29 ka, swa 2.58 %, se gwoup tolerans zewo ki touye yo. Fòs entènasyonal la retire lavi 13 nan ka sa yo, ki bay 1.16 %. Lapolis vin leve kadav 14 swa 1.25 % touswit apre yo fin mouri. Sòti nan mwa jiyè 2002 rive nan mwa jen 2004, nou anrejistre 47 ka moun ki disparèt swa 4.18 % (alòske nan menm peryòd sa a gen 16 lòt moun yo te anlve men ki libere annapre - Fòk nou di tou, nou pa t swiv ka anlèvman yo yon fason sistematik). Nou anrejistre 18 ka swa 1.60 % ki sanble egzekisyon somè. Gen lòt kadav yo jwenn ak menòt nan ponyèt yo : 7, swa 0.62 %.

Pandan peryòd obsèvasyon sa a gen kèk lòt ka ki te atire atansyon nou anpil tankou:

1. Ka 6 timoun lari, gwoup tolerans zewo te pran nan zòn Bwad Chèn nan dat 25 septanm 2002 epi kèk tan apre, menm jou a, yo te jwenn kadav timoun sa yo nan divès kwen nan kapital la.
2. Jou mèkredi 25 fevriye 2004 la sou waf Jeremi an, dapre enfòmasyon yo, gen 18 moun (gason, fi, timoun ak granmoun) pou pipiti, yo te pwomèt yo pou mennen yo Miyami. Yo asasinen yo apre yo te fin pran kòb yo. Se ak bal yo sasinen yo. Kadav moun sa yo te rete plizyè jou sou waf la.
3. Nan kòmansman mwa mas 2004 la toujou, nan premye jou apre depa ansyen Prezidan Aristid la, plizyè moun te jwenn lanmò yo nan zòn Kafou. Yo jwenn 20 kadav nan zòn Lamanten bò lanmè a ak 18 lòt anba pon Lamanten an. Yo panse nan mitan moun sa yo genyen se egzekite yo egzekite yo sou plas, gen lòt se mete yo te vin mete kò yo la.

Genyen nan yo tou yo sasinen pou vòlò, nan aktivite kriminèl, pou vanjans oswa regleman kont.

Twa (3) ka sa yo sanble tèt koupe ak masak.

4. Nou remake pa gen anpil moun ki mouri nan aksidan. Men, pou mwa me 2004 la sèlman nou jwenn 21 ka nan zòn nan. Eske sa gen rapò sa fòmasyon chofè yo manke pou yo ka kondui machin yo kòm sadwa, oubyen eske sa gen rapò ak kantite machin ki te pèdi, yo vòlò, pandan evènman politik yo?

5. Obsèvasyon nou montre n gen zòn nan kapital la ki se zòn kote gen plis moun ki mouri ladan yo pase lòt kote, tankou: Site Solèy epi Dèlma 2 ak 4. Pou Site Solèy nou jwenn 204 ka moun ki mouri anba vyolans. Pou Dèlma 2 ak 4 nou jwenn 74 ka. Pou zòn Gran Ravin nou jwenn 9 ka.

6. Lè nou gade kantite moun nou anrejistre chak mwa, nou wè gen mwa gen plis moun ki mouri anba vyolans alòske gen lòt mwa chif yo pa twò wo. Pa egzanp, mwa yo ki te gen plis moun mouri se mwa sektanm 2002: 36 ka. Mwa novanm 2002: 40 ka. Mwa fevriye 2003, te genyen 45 ka. Nan mwa avril 2003: 44 ka. Nan mwa oktòb 2003: 116 ka. Nan mwa novanm 2003: 94 ka. Nan mwa janvye 2004: 45 ka. Nan mwa fevriye 2004, nou rejistre 149 ka. Nan mwa mas 2004: 146 ka. Epi nan mwa me 2004, nou te jwenn 95 ka.

Dapre kèk enfòmasyon, pou mwa fevriye ak mas 2004 te genyen plis pase 500 moun ki ta viktim nan zòn kapital la. Nan dat 7 mas 2004, mòg lopital jeneral te gen tan resevwa prèske 300 moun ki mouri anba vyolans nan lari pami 700 kadav ki te gen nan mòg la. Nou kwè tou gen anpil moun ki mouri men ki pa rive nan mòg lopital jeneral, paske

fanmi yo te pran reskonsablite yo, oswa nan kèk zòn kadav yo rete atè san yo pa janm leve yo.

7. Evènman politik yo nan mwa ki sòt pase yo te fè anpil vyolans, kote moun te viktim divès fason. Moun viktim nan kò yo, nan lespri yo. Evènman yo lakòz anpil moun pèdi sa yo te reyalize ak travay yo pandan yon pakèt lane. Konbyen ti machann ki pa t ka pran lari pou al chache lavi. Anpil ti machann pèdi sa yo te genyen tankou: machandiz, epi treto yo te sèvi barikad.

Kriz politik la te fè lòt viktim nan lòt fason, tankou: anpil moun pa t ka jwenn swen sante oswa sèvis nan lopital jeneral akòz sèvis lopital jeneral la pa t fonksyone kòm sa dwa. Gwo presyon ki t ap fèt sou popilasyon kapital la depi anvan peryòd kanaval la, te fè anpil moun pa t ka deplase pou ale lopital.

Mete sou sa twoublay politik yo te touche fanm ak jèn fi, kote yo te viktim vyòl. Sitiyasyon sa a fè nou konprann vyòl te sèvi kòm zam politik nan peyi a. Timoun ak jèn yo viktim degradasyon moral tout sosyete a sibi nan moman twoublay sa yo. Imajine ki move enpak sa fè sou yon jèn ki wè yon kadav nan lari, ki wè yon moun y ap egzekite devan je l, oswa ki konnen yon zanmi, yon fanmi yo ki disparèt san yo pa janm jwenn tras li ? Konbyen moun ki ka blese nan lespri yo ak nan kè yo poutèt klima laperèz ak estrès oswa chak fwa y ap fè dappiyanp sou laverite pou avantaj ?

Lòt bagay toujou nan dènye mwa sa yo, vyolans la te pran fòm vòl ak kidnape moun pou lajan.

Nou pa ka bliye plis pase 20 moun mouri nan yon inondasyon nan kapital la, nan mwa oktòb 2003.

KONKLIZYON

Tablo nou prezante la a montre jan fenomèn vyolans la te layite kò l nan zòn metwopolitèn nan pandan 2 lane. Bilan sa a mande nou poze divès kesyon pou chache konprann rasin pwoblèm sa a. Rezon ki lakòz se grandi vyolans lan ap grandi pi plis olye li diminye pandan l ap pran divès fòm. Ki sa nou ka fè ? Ki sa nou dwe fè ? Ki kontribisyon chak moun, chak enstans nan sosyete a ka pote pou chanje tablo sa a nan sans ki respekte lavi ak diyite moun ?

KANTITE MOUN KI MOURI ANBA VYOLANS JISTIS AK LAPÈ ANREJISTRE

Nan rapò sa a nou mete sou tablo tout ka nou anrejistre yo. N ap jwenn 4 tablo :

1. Tablo viktim ki idantifye ak sa ki pa idantifye.
2. Tablo kòz lanmò yo
3. Tablo sou lotè zak lanmò yo
4. Kèk kote ki te gen plis moun mouri anba vyolans.

Kòm degi, nou ajoute kèk enfòmasyon sou jan sa te ye nan peryòd jiyè rive desanm 2004.

KANTITE VIKTIM KI IDANTIFYE AK SA KI PA IDANTIFYE

Mwa	Ane	Kantite	Gason	Fi	Timoun	Polis	Sekirite	Patizan Lavalas	Patizan Opozisyon	Viktim ki idantifye	Viktim ki pa idantifye
Jiyè	2002	13	10	3						5	8
Out	2002	17	17							8	9
Sektanm	2002	36	33	3	3	1				8	28
Oktòb	2002	28	26	2						1	27
Novanm	2002	40	39	1	2					9	31
Desanm	2002	24	23	1						11	13
Janvyè	2003	9	9	1	1					6	3
Fevriye	2003	45	44	1	1					7	39
Mas	2003	16	15	1						6	10
Avril	2003	44	43	2	1					9	35
Me	2003	33	27	6	2	6				15	18
Jen	2003	23	22	1	1					12	11
Jiyè	2003	28	23	5	1	1				11	17
Out	2003	19	18	1	1		1			5	14
Sektanm	2003	22	18	2	5					1	21
Oktòb	2003	71+45	45	16	5					19	52+45
Novanm	2003	63+31	50	13	1	2	1			24	39+31
Desanm	2003	24	23	1		2	1			7	17
Janvyè	2004	45	44	1	1	3				17	28
Fevriye	2004	149	138	10		3	3	7	14	16	133
Mas	2004	146	134	2	8	5	2	13	6	28	118
Avril	2004	18	17	1	1					8	10
Me	2004	95	89	6	1	3	3	5		26	69
Jen	2004	39	33	5	1	2				15	24
Total		1.123	940	85	36	28	11	25	20	274	849
%			83.70	7.57	3.20	2.49	0.98	2.22	1.78	24.40	75.60

De chif (+) sa yo nan mwa oktòb ak novanm, se rezilta lagè ant gang nan kèk zòn.
Li pa t fasil pou verifiye chif la, li ka pi wo toujou.

SA KI LAKÒZ LANMO YO

Mwa	Ane	Kantite Ka	Bal	Zam blanch	Lapide	Aksidan	Mare avèk kod	Akiza syon volo	Evènman politik	Kòz nou pa konnen	Lòt
Jiyè	2002	13	5		2		1			7	
Out	2002	17	10	3	1	1	2				2 boule
Sektanm	2002	36	21	5		1				7	3, grangou, kout baton, gaz lakrimojèn
Oktòb	2002	28	9	17		5				2	3, kouran, lapli
Novanm	2002	40	35							5	
Desanm	2002	24	16	1		1		1		5	1 kout pye
Janvyè	2003	9	8		1			1			
Fevriye	2003	45	28	1		1	1			15	1, sezisman
Mas	2003	16	10							5	1, touye tèt
Avril	2003	44	16	13				2		15	
Me	2003	33	24	1	1		2	2		2	3, boule
Jen	2003	23	13			4					
Jiyè	2003	28	17	1	1	2		1		4	4, lapli, pwazon, kouran
Out	2003	19	12	1		1	1			2	
Sektanm	2003	22	15	1		1		9		2	2, boule
Oktòb	2003	71+45	45+26	3			1	3		3	22, lapli, maldanfan
Novanm	2003	63+31	74	6		1		1		1	
Desanm	2003	24	19	2		15		3	2		2, boule
Janvyè	2004	45	35	1	4		2	3	7	6	
Fevriye	2004	149	142	3		1		47	36	2	touye tèt li, pwazon
Mas	2004	146	139	1	2	2		24	40		
Avril	2004	18	14	1		2					1
Me	2004	95	68	3	2	21		7	1	6	1
Jen	2004	39	33	4	1	1		3		3	3
Total		1.123	829	68	15	59	10	107	86	93	49
%			74.82	6.05	1.33	5.25	0.89	9.52	7.66	8.28	4.36

LOTÈ ZAK LANMÒ YO

Mwa	Ane	Kantite ka	Moun Lapolis touye	Fòs entènasyonal	Gwoup zewo tolerans	Kò lapolis leve lapoula	Disparisyon	Egzekisyon somè	Menote	Gwoup ki pwòch pouvwa	Moun ki anlve epi libere	Zamoun oswa gwoup yo pa idantifye
Jiyè	2002	13				3		3				11
Out	2002	17										11
Sektanm	2002	36	2				4	3				21
Oktòb	2002	28	1		9		4					10
Novanm	2002	40	11		1		3	3				37
Desanm	2002	24	9				8	4				11
Janvyè	2003	9	1				2	1				6
Fevriye	2003	45	2				3	2				40
Mas	2003	16				2		3	2		7	8
Avril	2003	44							4		1	40
Me	2003	33	6		2		1				1	15
Jen	2003	23	3			1	11				1	14
Jiyè	2003	28	4									17
Out	2003	19				2						12
Sektanm	2003	22	2		1		1					12
Oktòb	2003	116	2			4	2					30+45
Novanm	2003	94			1	1	2				6	43+18
Desanm	2003	24	1		3	1	1			1		15
Janvyè	2004	45	5		1		3			6		15
Fevriye	2004	149	26				1		1	9		141
Mas	2004	146	48	13						20		59
Avril	2004	18	1				1			5		13
Me	2004	95	27		1					15		41
Jen	2004	39	1		10						1	31
Total		1.123	152	13	29	14	47	18	7	57	16	716
%			13.53	1.16	2.58	1.25	4.18	1.60	0.62	5.07	1.42	63.76

MEN KOTE KI TE GEN PLIS MOUN MOURI ANBA VYOLANS

Mwa	Ane	Kantite ka	Site Solèy	Gran Ravine	Delma 2 ak 4
Jiyè	2002	13			
Out	2002	17	10		
Sektanm	2002	36	11		
Oktòb	2002	28	19		
Novanm	2002	40	18		
Desanm	2002	24			
Janvyè	2003	9			
Fevriye	2003	45	14	3	
Mas	2003	16			
Avril	2003	44	14		
Me	2003	33	7		
Jen	2003	23	4		
Jiyè	2003	28	5		
Out	2003	19	3		
Sektanm	2003	22	11		
Oktòb	2003	71+45	15		45
Novanm	2003	63+31	24		29
Desanm	2003	24			
Janvyè	2004	45	5		
Fevriye	2004	149	16	5	
Mas	2004	146	5		
Avril	2004	18		1	
Me	2004	95			
Jen	2004	39	7		
Total		1123	188	9	74
%			16.74	0.80	6.59

*Jocelyne Colas
Reskonsab Pwogram Fòmasyon
Komisyon Achidyosezèn Jistis ak Lapè Pòtoprens*

Degi *Jiyè rive desanm 2004*

Pou rès ane 2004 la, sòti mwa jiyè pou rive mwa desanm 2004, nou anrejistre 396 kadav nan menm sikonstans vyolans k ap travèse kapital la. Konsa, sòti mwa jiyè 2002 pou rive mwa desanm 2004 sa fè yon total 1519 kadav.

Sou kantite 396 moun ki mouri anba vyolans kapital la ant jiyè ak desanm 2004, gen 64 se ak bal lapolis yo mouri, swa yon pousantaj 16.16%. Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa idantifye bay yon total 95, swa yon pousantaj 18.98%. Kantite moun ki mouri nan afwontman gang ak lapolis se 21, swa yon pousantaj 5.30%. Total moun ki mouri ak bal monte a 267, swa yon pousantaj 67.42. Sou kantite moun ki mouri ak zam blanch, yo 24, swa yon pousantaj 6.06%. Moun ki mouri nan aksidan, yo 19 swa yon pousantaj 4.79%, lòt kòz lanmò se 86 swa yon pousantaj 21.17%.

Men kijan tablo yo defini

KANTITE VIKTIM KI IDANTIFYE AK SA KI PA IDANTIFYE

Mwa	Ane	Kantite Ka	Moun Lapolis touye	Gwoup zewo tolerans	Zam moun oswa gwoup yo pa idantifye	Afwont man ant gang	Afwont man gang ak lapolis
Jiyè	2004	35	6	6	14		
Out	2004	43	3	9	14		
Sektanm	2004	66	8		18	9	
Oktòb	2004	86	20		19	9	
Novanm	2004	73	11		17	20	5
Desanm	2004	93	16		13	34	16
Total		396	64	15	95	72	21
%			16.16	3.78	23.98	18.18	5.30

MEN KOTE KI TE GEN PLIS MOUN MOURI ANBA VYOLANS

Mwa	Ane	Kantite ka	Site Solèy	Delma 2 ak 4
Jiyè	2004	35	12	
Out	2004	43	10	5
Sektanm	2004	66	12	6
Oktòb	2004	86	9	12
Novanm	2004	73		
Desanm	2004	93		
Total		396	43	23
%			10.85	5.80

SA KI LAKÒZ LANMÒ YO

Mwa	Ane	Kantite ka	Bal	Zam blanch	Lapide	Aksi dan	Akizasyon volò	Lòt	Kadav depoze nan lari
Jiyè	2004	35	26	2	1	5	9	1 kouran	
Out	2004	43	26	7		4			
Sektanm	2004	66	42	3		6	6	2 tèt koupe	14
Oktòb	2004	86	70	6		2	1	6 tèt koupe	
Novanm	2004	73	71	3		1	6	2 tèt kase	
Desanm	2004	93	82	3		1	4		
Total		396	317	24	1	19	26	11	14
%			80.05	6.06	0.25	4.79	6.56	2.77	3.53

François Grégoire, jiris

Obsèvasyon zak vyolans nan lari Pòtoprens Kèk kòmantè sou travay JILAP ap fè a

Un commentaire sur le travail de Justice et Paix par Me Chenet Jean-Baptiste. Ce travail de Jilap est unique dans un certain sens. Il consiste à répertorier de façon systématique de nouvelles formes de violations et de violences perpétrées dans le pays. Aujourd'hui les gens dénoncent moins. Il revient aux organisations des droits humains de développer de nouvelles méthodes pour connaître les réalités et pour intervenir. Le travail de Jilap répond à cet impératif.

Rappelons que depuis 1990, l'Etat a perdu le contrôle, le monopole de la violence dans la société. Cette nouvelle réalité mérite d'être comprise et ses conséquences analysées

Mais le travail de Jilap doit dépasser certaines limitations. Il faut compléter les informations. Il faut mieux définir les responsabilités et chercher à connaître les victimes. Il faut davantage savoir mobiliser les responsables et les acteurs sociaux.

Me Chenet indique 3 pistes pour avancer :

- *systematiser davantage le travail ;*
- *utiliser les informations dans des programmes de formation ;*
- *mener des campagnes pour le respect de la vie.*

Depi 2 lane, Jilap tanmen yon travay obsèvasyon sistematik sou zak vyolans nan lari Pòtoprens. Apre bout tan sa a, li enpòtan pou nou kanpe gade sa ki fèt epi jwenn pi bon baz pou travay la kontinye. Se sou pwèn sila yo kòmantè nou yo vle pote moso limyè.

Travay Jilap la, se yon zouti pou mezire vyolans nan lari Pòtoprens

Se youn nan pi gwo enterè obsèvasyon Jilap ap fè a. Se premye, jouk jounen jodi a se sèl òganizasyon dwa moun ki fè travay sa a nan peyi a. Pi fò òganizasyon sa yo fè prensipalman yon travay enfòmasyon ak denonsyasyon sou vyolasyon dwa moun, vyolasyon kote se ajan Leta ki se pi gwo responsab. Pi souvan, se viktim, fanmi viktim, temwen ki pote enfòmasyon yo bay òganizasyon yo.

Depi lane 1994, nou kapab di gen gwo chanjman nan reyalite vyolasyon dwa moun nan peyi a. Viktim, fanmi yo oubyen temwen pa mobilize menm jan ankò. Sa ki mande pou òganizasyon dwa moun chanje, adapte metòd travay yo. Yo dwe devlope mwayen ak kapasite pou ale chèche tou enfòmasyon. Se youn nan gwo enpòtans travay JILAP la genyen.

Yon lòt koze ki pi enpòtan ankò, se reyalite travay la ranmase. Reyalite sa a, se li nou rele yon nouvo fòm vyolans k ap layite kò l nan peyi a depi finisman lane 1990 yo. Estrikti Leta oubyen ki osèvis Leta pèdi kontwòl machin vyolans la. Vyolans la tounen yon mikwòb ki antre nan tout venn sosyete a. Li toujou sèvi zam pou fè krim politik, men li vin pi fasil pou itilize l pou yon moun fè tèt li jistis oubyen regle pwoblèm li ak lòt moun (regleman kont). Menm jan an tou, delenkan ak kriminel yo vin gen men yo lib pou yo aji. Nan sans sa a, travay Jilap se yon zouti pou ede sosyete a mezire chalè vyolans lan nan zòn metwopolitèn nan. Men gen kèk limit ki merite depase.

Kèk limit ki pou depase

Premye limit la, JILAP paka sèlman ranmase ka yo epi prezante tablo. Jefò merite fèt pou rive ranmase plis enfòmasyon sou ka yo menm. Pa egzanp, plis enfòmasyon sou idantite viktim yo, sikonstans ak kondisyon

zak la fèt gen enpòtans yo. Fòk nan rapò yo, Jilap kite plas pou temwayaj lè sa posib pou jwenn. Se gen dwa fanmi viktim nan, temwen ki wè oubyen tandè. Men nou pa dwe bliye pou verifye yon seri temwayaj lè sa nesesè.

Dezyèm limit la konsènen kritè ak pawòl yo (konsèp). Jilap dwe itilize pi byen lwa sou dwa moun ki egziste. Plis presyon sou ka yo ap pèmèt nou detèminen divès nivo responsablite Leta (responsablite dirèk, moral, enstitisyonèl...). Menm jan an tou, mo vyolans la dwe vin pi klè. Li dwe genyen yon sans, yon kontni nan travay n ap fè a. Jilap dwe jwenn tou yon fòmil pou ranje viktim yo pa kategori. Eske se viktim yon konfli, yon zak izole, regleman kont, elatriye.

Twazyèm limit la, se itilizasyon ak suivi Jilap fè. Nou manke solisite otorite Leta yo, nou manke mobilize sosyete a, kò sosyal la. Konsa, dimansyon edikasyon, pedagogik nan travay la fèb anpil. Lide pou mennen chak lane yon kanpay sou baz obsèvasyon nou yo te ka fè nou vanse sou pwèn sila a.

Ki pi gwo amelyorasyon Jilap dwe pote

Nou wè amelyorasyon sa yo nan 3 nivo: enstitisyonèl, fòmasyon ak aksyon.

Onivo enstitisyonèl, Jilap ta dwe anvizaje posiblite pou mete kanpe yon ti nwayo, yon ti ekip k ap travay sou sa sèlman. Mekanis sila a te ka fè travay nou an vin pi sistematik ak pi efikas.

Pou fòmasyon an menm, yon kad dwe defini kote gen gwo plas pou refleksyon ak analiz sou fenomèn nan, etid sosyete a ak reyalyte katye popilè yo, lwa peyi a ak konvansyon entènasyonal sou kesyon vyolans.

Fòmasyon sila a dwe konsènen nwayo a ak manm Jilap nan tout dyosèz ki enterese.

Onivo aksyon, suivi bò kote Leta oubyen lòt òganis nasyonal ak entènasyonal enpòtan anpil. Men tou, lide yon kanpay chak peryòd nesèsè tou. Kanpay sila a kapab rapousuiv de (2) objektif: sansibilize sosyete a sou yon menas, yon danje ki menase tout moun epi fè pwomosyon yon kilti ki respekte lavi moun.

*Me Chenet Jn Baptiste
Direktè ITEKA
Kolaboratè Jilap*

Laprès sou konferans pou laprès la

POHDAH

Se Mèt kò ki veye kò

Le vendredi 29 juin 2004, la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix (JILAP) a présenté à la presse parlée, écrite et télévisée un rapport d'enquête sur la violence de rue à Port-au-Prince.

Ce rapport présente un résumé de la quantité de victimes répertoriées dans la capitale pendant trois mois : avril, mai et juin. Un total de 144 personnes ont trouvé la mort pendant ces trois mois, la majorité d'entre elles, est victime par balles.

Cela nous permet de voir que les armes à feu jouent un grand rôle dans l'insécurité. Cela nous permet en même temps de voir l'importance de la question du désarmement dans la lutte pour la réduction du phénomène de l'insécurité à travers le pays. Alors, à quand cette campagne de désarmement ?

Par ailleurs, la quantité de victimes qui n'ont pu être identifiées par les autorités, est également un sujet de réflexion. L'un des raisons pouvant l'expliquer est le fait que les dirigeants de l'Etat n'ont aucun souci de contrôle sur les individus circulant sur le territoire. D'ailleurs, en Haïti, tous les Haïtiens ne peuvent pas avoir son acte de naissance et sa carte d'identité. Ces papiers sont accessibles seulement à ceux qui peuvent payer. Beaucoup d'enfants nés dans la rue et certains autres vieillards, n'ont pas d'acte de naissance ou de carte d'identité. Les parents de ces enfants et les vieillards doivent payer pour avoir l'un ou l'autre de ces documents qui leur reconnaissent la nationalité haïtienne. Quel sens a dans ce cas le concept de droits Humains, utilisé à longueur de journée dans le pays ?

Le dernier élément à retenir notre attention dans le rapport de JILAP, est la courbe évolutive du phénomène de l'insécurité pendant cette période. Pour le mois d'avril, on a documenté 18 cas, pour le mois de mai, 95 et pour le mois de juin 31. Selon ces chiffres, le phénomène de l'insécurité a connu un léger ralentissement

du mois de mai au mois de juin, cependant si nous comparons le nombre des victimes pour les mois d'avril et juin, on peut tout aussi bien parler d'augmentation. Durant le mois d'avril, le nombre des victimes était de 43 tandis que pour le mois de juin, on en a enregistré 79. Donc, le phénomène de l'insécurité semble progresser.

Le rapport d'enquête de JILAP est une grande contribution dans la lutte contre l'insécurité et pour l'établissement d'une société de droit. C'est un outil de travail pouvant aider les autorités judiciaires à identifier les coupables pour ensuite les traduire par devant la justice. La POHDH qui travaille en vue d'amener l'Etat à respecter les Droits Humains, félicite la JILAP pour ce travail. Nous espérons que les autorités ne tarderont pas à transformer ce document en outil de lutte contre le phénomène de l'impunité dans le pays.

AHP

Justice et Paix dénonce la légèreté des déclarations faites par différents secteurs autour des actes de violence de ces deux dernières années

Port-au-Prince, 29 juin 2004 (AHP). L'organisation des droits humains Justice et Paix a critiqué mardi les déclarations hâtives et sans fondement faites par des secteurs divers au cours des deux dernières années autour des actes de violence enregistrés dans le pays.

Un des responsables de Justice et Paix, Jocelyne Colas, a déploré que des gens s'empressent généralement de parler de massacre ou d'assassinats politiques alors qu'il y a eu une carence de documentations sur les différents crimes commis en Haïti.

Justice et Paix a présenté un bilan de deux années d'observation faite sur les actes de violence enregistrés dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince.

Selon Jocelyne Colas, 1123 personnes ont été tuées à Port-au-Prince de juillet 2002 à juin 2004. Parmi ces 1123 morts, 826 auraient été tuées par balles dont

seulement 2% pour des raisons politiques. Elle a fait savoir également que les soldats de la force multinationale ont tué 13 personnes pendant leurs 3 mois passés au pays.

Un autre responsable de Justice et Paix, le père Jean Hanssens, a également critiqué la façon dont on dénonce les actes de violence dans le pays. Les dénonciations ont souvent été motivées, a-t-il dit, soit par la politique soit par d'autres intérêts qui ne sont pas clairement définis. Le père Hanssens a dit regretter que de nombreuses accusations faites par certains secteurs aient été le fruit de leur imagination, étant en nette contradiction avec la réalité.

« Un crime n'est pas forcément un massacre », a précisé le père Hanssens qui souligne que lorsque l'auteur d'un acte n'a pas été identifié, personne n'a le droit de supposer qu'il y a un quelconque secteur derrière cet acte. Cependant, il a fait savoir qu'il revient aux organisations des droits de l'homme de dénoncer les actes de violence pour empêcher la société de sombrer dans l'anarchie totale. Le responsable de Justice et Paix a dit également regretter que plusieurs cas de violation des droits humains aient été négligés.

Au cours de ces dernières années, plusieurs secteurs ont porté des jugements sévères sur le travail de certaines organisations de droits de l'homme en raison de leur affiliation présumée à des groupes politiques.

L'organisation des droits humains Justice et Paix appelle à la réalisation d'autres procès sur les événements de Saint-Marc

Port-au-Prince, 29 juin 2004 (AHP) - L'organisation des droits humains de Justice et Paix a plaidé mardi en faveur de la réalisation d'autres procès sur les différents événements enregistrés à St Marc en février et mars derniers.

Le responsable de l'organisation des droits humains, la plus ancienne du pays, le père Jean Hanssens, a fait savoir qu'on ne peut pas vouloir se pencher uniquement sur les incidents de La Scierie.

Il a estimé que toute la lumière doit être également faite sur la réaction des partisans de l'ancienne opposition contre les militants Lavalas après l'annonce qu'un massacre avait été perpétré dans cette localité de Saint Marc.

Selon le père Hanssens, il est important d'organiser un procès sur les événements de La Scierie au cours desquels plusieurs personnes avaient perdu la vie, a-t-il dit, ainsi que sur les actes de violence enregistrés dans le département de l'Artibonite.

Mais il est tout aussi important de réaliser un procès sur la réaction des partisans de l'ancienne opposition, de même sur les interventions de la police nationale et des insurgés aux Gonaïves lors de la rébellion anti-Aristide.

Les rebelles impliqués dans la violation des droits de la population dans le cadre du mouvement anti-Aristide, doivent fournir des explications sur leurs actions.

De nombreuses personnes, dont des policiers, ont été tuées lors de cette rébellion et leurs corps mutilés ont été traînés dans la rue.

De nombreux bureaux de l'Etat, des commissariats de police ont également été pillés et 5 incendiés.

Plusieurs personnalités proches de l'ancienne opposition avaient réclamé sur les ondes l'absolution pour les responsables de ces exactions dont le repris de justice Jean Tatoune condamné en 1998 pour sa participation dans le massacre de Raboteau.

Et depuis, ce dernier n'a plus été inquiété par la justice.

AHP 29 juin 2004

Degi sou Bilten 12, sektanm 2004

Deklarasyon Jilap Okap

Okap, 7 mas 2004. Nan okazyon dimanch Jistis ak Lapè 2004, Direktè komisyon Okap la te pibliye yon nòt pou fè moun reflechi sou entolerans ak okipasyon. Li fè n sonje, lè genyen entèkansyon etranje k ap fèt, militè etranje sa yo pa zanmi n, se gwo puisans k ap defann enterè. Pou montre sa aklè, mesaj la fè n sonje divès entèkansyon etranje ki te genyen nan peyi a.

Nan lane 1994, fòs etranje te vin mete demokrasi sou ray. Men sa pa t kab mache. «Paske demokrasi se rezilta yon pwosesis ki long e ki dwe fèt ak anpil swen, epi li mande yon gwo jefò edikasyon. » Jodi a ankò, n ap viv yon lòt okipasyon toujou.

Epoutan, lè n gade listwa, peyi a te bay bèl leson demokrasi nan listwa moun sou tè a. Nan lane 1793, zansèt yo te bay yon leson dwa moun, lè yo rache pwoklamasyon jeneral libète nan men Sonthonax.

An 1804, zansèt nou yo te entwodwi nouvo relasyon sosyal ak politik nan mitan pèp yo, lè yo te kreye yon nasyon nèg endepandan nan Karayib la. Peyi sila a te bay yon egzant pou lòt peyi Amerik latin yo lè yo t ap chèche endepandans yo.

An 1890, Ayiti te akeyi bòtpipòl siriyan ki te anba pèsekisyon relijye lakay yo. Jodi a, se yo k kontwole kòmès peyi a.

Men apre 200 lane endepandans, se toujou menm fason anachik pou chanje pouvwa nan peyi a k ap mennen bak peyi a. Peyi a merite yon lòt bagay.

Nòt la fè konklizyon sila a: « **Se pou nou fete bisantnè endepandans nasyonal la ak yon nouvo mantalite. Mantalite tolerans, ki pèmèt nou asepte lòt la, menm si l panse yon lòt fason ak nou menm. Nou dwe genyen yon sans reskonsablite ki pèmèt nou bay kontribisyon n pou rebati peyi a. »**

Yon koreksyon sou kèt Jilap 2004 la

Nan dyosèz Pòdepè, nou te fè yon ti erè nan 2 pawas : Pawas Dibwa ki te bay plis pase sa nou te mete nan dènye bilten an, e nou te bliye mete pawas Mawouj. Bilten an mande eskiz pou sa, depi l te bliye pibliye sa.